

# KIJAN POU MWEN JWENN AKSÈ NAN 1099-G MWEN AN?\*

Èske aktyèlman ou gen aksè nan kont Asistans Reyanplwa w la?

Wi

Non

Pou jwenn aksè nan fòmilè taks 1099-G ou a, konekte nan kont Asistans Reyanplwa w la epi konplete etap sa yo:

- 1 Chwazi "**Bwat Resepsyon**" nan paj dakèy reklaman an.
- 2 Chwazi "**1099**" nan lis korespondans ki nan bwat resepsyon reklaman an.
- 3 Chwazi ane fiskal la (2023) pou fòmilè taks IRS 1099-G ou ta renmen wè a.

\* Ou ka fè demann pou yo voye yon kopi fòmilè 1099-G a pou ou apre 1 fevriye 2023, tanpri vizite Sant Èd Asistans Reyanplwa a epi klike sou "**Mwen se yon REKLAMAN**". Chwazi "**Dokiman taks**" nan opsyon ki disponib yo, epi chwazi "**Mwen bezwen yo voye yon kopi 1099-G ban mwen**".

Si ou pa gen aksè ankò a nimewo telefòn, aplikasyon otantifikatè oswa adres imèl ou te itilize pou konplete Otantifikasiyon Multi-Faktè pou kont ou a, vizite Sant Èd Asistans Reyanplwa a epi ranpli etap sa yo:

- 1 Chwazi "Mwen se yon REKLAMAN."
- 2 Chwazi "Asistans pou Konekte nan Kont la."
- 3 Chwazi "Mwen bezwen mete ajou enfòmasyon pou konekte nan kont Asistans Reyanplwa mwen an."
- 4 Chwazi ki pyès enfòmasyon ou bezwen èd pou mete ajou a.
- 5 Chwazi lyen "isit la" pou kontinye ak mete enfòmasyon ou yo ajou.

Si w pa sonje modpas kont Asistans Reyanplwa w la, klike sou "Bliye Modpas?" epi swiv etap pou reyinisyalyize modpas la.